

KISA KI RIVE KÒ MWEN PANDAN TRANCHE AK AKOUCHMAN AN?



Kòmansman Tranche a
(5 jiska 24 èdtan)

Repoze, bwè, manje lejèman.
Respire yon fason ki lan pandan
kontraksyon yo epi relakse w.



Tranche Aktif
(3 jiska 6 èdtan)

Chanje pozisyon w. Sa kapab pran yon
douch, chita nan yon chèz oswa
balanse sou men w ak jenou w.



Tranzisyon
(10 jiska 60 minit)

Sa kapab yon pati ki vrèman entans
nan tranche a men sa pa dire anpil
tan. Ou kapab bezwen lòt sipò anplis
pandan pati sa a nan tranche a.

Kòl matris la louvri 0 jiska 4 santimèt. Kòl matris la louvri 4 jiska 8 santimèt. Kòl matris la louvri 8 jiska 10 santimèt.



Pouse epi Nesans
(5 minit jiska 3 èdtan)

Pouse nan yon pozisyon ki konfòtab.
Soufle oswa respire anlè lè tèt tibebe
ou an ap parèt. Sa ede anpeche
dechiri nan vajen ou.



Mete Plasenta a Deyò
(5 jiska 30 minit)

Kontraksyon yo parèt trè lejè. Vajen w
kapab genyen doulè. Ou kapab santi
troubleman epi w frèt.

**Tibebe ou an soti nan matris ou,
atravè vajen w epi deyò kò w.**

**Plasenta ou an soti nan matris ou,
atravè vajen w epi deyò kò w.**



DEKLANCHMAN TRANCHE

Kisa sa vle di lè yo pwovoke tranche mwen?

Lè yo pwovoke tranche ou an sa vle di kòmanse tranche ou nan lopital la avèk diferan medikaman oswa trètman.

Konbyen tan sa pral pran si yo dwe deklanche tranche mwen an?

Sa pran tan pou kòmanse tranche ou an! Pifò tibebe yo pa fèt nan menm jou ou ale lopital la. Sa ka pran 1-3 jou pou tibebe a fèt.


Kijan yo pral deklanche tranche mwen an?

Genyen medikaman ak trètman ki ede prepare kòl matris la (ouvèti matris la) pou tranche a, ak lòt medikaman ki pral kòmanse kontraksyon yo.

Ou pral fè yon egzamen lè ou rive nan lopital la pou wè si kòl matris ou louvri (dilate). Oumenm ak ekip la pral deside sou ki pi bon fason pou kòmanse tranche ou an aprè egzamen ou an.

Ak kisa mwen ka atann mwen lè yo deklanche tranche mwen an?

- Ou kapab oblije tann pou manje.
- Ou ka bwè dlo, ji, bouyon, oswa sisèt glase.
- Pafwa ou ka mache, pran douch, chanje pozisyon, dòmi, ak ale nan saldeben an poukont ou.
- Ou kapab bezwen yon monitè ak senti sou vant ou pou koute batman kè tibebe a pandan tout tan an oswa kèk nan tan an.



Kisa yo pral itilize pou kòmanse tranche mwen an?


Baleyaj manbràn ka ede prepare kòl matris la pou tranche. Sa se yon egzamen yo fè avèk yon dwèt anndan kòl matris la si li louvri (dilate) pou ede separe manbràn yo (sak dlo) ak kòl matris la.



Misoprostol se yon konprime ki ede kòl matris la prepare pou tranche. Ou ka vale konprime a oswa antre l anndan vajen an. Pafwa misoprostol ka lakoz kontraksyon.



Yon balon sèvikal se yon tib ki genyen yon balon yo plase anndan kòl matris la pou ede louvri kòl matris la dousman (dilate). Yo antre l pandan jiska 12 èdtan pou ede kòl matris la prepare pou tranche.



Oxytocin (pitocin) se yon medikaman yo ka bay nan venn (IV) ki kòmanse tranche ou epi kòmanse kontraksyon yo.

Amnyotomi vle di pete dlo a, pafwa yo fè sa pou ede tranche a kòmanse oswa pou ede l avanse. Nou itilize yon bagay ki sanble ak yon kwochè pou pete dlo a.

